



Schweizerische Eidgenossenschaft
Confédération suisse
Confederazione Svizzera
Confederaziun svizra

Ambassade de Suisse en République d'Haïti
Bureau Projets Directs de Port-Salut



GID ANTRETYEN KAY TKLA PWOJE PARHAFS YO NAN DEPATMAN SID DAYITI

Dat : Fevriye 2022

Gid sa prepare pou reparasyon
Ak netwayaj kay TKLA yo



**GID ANTRETYEN KAY TKLA PWOJE
PARHAFS YO NAN DEPATMAN SID DAYITI**

Dat : Fevriye 2022

Gid sa prepare pou reparasyon
Ak netwayaj kay TKLA yo

Entrodiksyon

Aprè pasaj ouragan Matthew nan mwa oktòb 2016 la, Anbasad Swis atravè pwojè PARHAFS ap travay nan sid peyi Dayiti nan objektif pou ranfose rezistans kominote yo pou yo fè fas a katastròf natirèl yo. Anbasad la bay sipò li ak fanmiy ki pi vilnerab yo pou rebati oswa repare kay yo.

Lè faz rekonstriksyon an fini, fanmiy yo sipoze pran tout desizyon ki konsène antretyen ak reparasyon kay yo a lavni.

Kidonk, gid antretyen kay TKLA prepare pou ede fanmiy yo genyen yon lide jeneral sou ki aksyon yo sipoze fè et kijan pou yo reyalize antretyen nan kay la. Pou li dire pi lontan.

*Mwen rele Mariette,
mwen rekonstwi bèl kay
TKLA sa avèk sipò
Anbasad Swis. Mwen pral
fè bon jan netwayaj ak
antretyen ladanl pou li
ka dire pi lontan !*





1-Netwayaj

Bale pou nou retire fatra, fil areyen ak nich bèt ;

Retire tout ma dlo ki andan ak deyo kay la, retire plant kap monte nan mi yo pou evite yo fè moustik




2-Fondasyon

Retire plant ak dlo sou kote fondasyon an ;

Ranplase roch ak mòtè jwentwaman ki sot nan fondasyon an ;

Mete ranblè sou kote fondasyon an lè li nesèsè pou nou evite inondasyon ;

Pase Antirouy sou akròch yo chak 1 an pou pi piti pou anpeche fè yo pouri ;





3-Osati bwa

Trete osati a ak lwil motè oubyen zenkromat pou nou konbat imidite. Nou dwe trete bwa yo pou pi piti chak 6 mwa;

Ranplase bwa ki kase oubyen pouri yo pou pèmèt kay la dire pi lontan ;

Pa pike klou nan bwa yo pou nou pa fann yo ;



4.Twati/Chapant

Renouvele tretman bwa yo avèk lwil motè oubyen zenkromat pou proteje yo kont pout bwa ak imidite ;

Ranplase bwa ki pouri ak kase nan twati a avèk sipò yon bòs chapant ;



Bouche trou ki nan twati a ak mastic (tòl ak goutyè) pou nou ka proteje kay la kont move tan;



5.Pòt ak fenèt

Vide ti gaz blan nan kouplè pòt ak fenèt yo tanzantan ;

Pase vèni sou pòt a fenèt yo chak ane pou nou proteje yo ;

Nb : Pa vide lwil nou kon fè manje a nan kouplè pòt ak fenèt yo ;



6.Panno

Repare fisi ki nan jwen yo epi ranplase roch yo ak mòtye bata;

Verifye mòtye bata si lapli level, refe yon lòt ti mòtye pou nou repare li ;

Pa pike klou nan panno yo pou yo pa lache ;

MELANJ POU MÒTYE

1 BOKIT SIMAN + 5 BOKIT SAB LAVE + MWENS KE 1 BOKIT DLO

7.Kijan pou nou fè melanj mòtye pou nou repare panno yo

Pou nou repare panno ki kraze yo nou dwe fè yon mòtye ak sab, siman epi dlo ;


Byen melanje sab ak siman san dlo, epi mete dlo a de tanzantan nap brase mòtye a ;



8. Antretyen goutyè ak rezèvwa

Lave andan chatodo a chak lè dlo ki ladan lan fini ;

Mete you mòso moustikè nan tiyo ayerasyon an pou anpeche mouch ak zandolit rantre nan chatodo a ;



Retire fèy bwa, fatra ak labou sou do tòl yo, nan goutyè a ak tiyo desant lan;

Après chak lapli debouche foulfloch la ;

Fikse pant goutyè yo pou anpeche dlo koule sou panno yo ak fenèt yo ;




Pa monte ni chita sou robinè a pou nou pa kasel epi pa kite timoun yo jwe ladanl ;



9. Antretyen latrin

- Netwaye kouvèti latrin lan, syèj lan ak sòl la avèk dezenfektan pou li pa kontamine moun kap sèvi ladanl yo ;
- Trete bwa yo ak lwil motè oubyen zenkromat poun konbat imidite ;
- Repare dal masonnri latrin lan ak siman sab si li fisire;
- Itilize sann dife oswa lacho pou nou konbat move lodè nan latrinn lan;
- Mete yon bokit dlo avèk savon nan antre latrin lan;
- Remete ranblè sou kote latrin lan chak lè li nesèsè;
- Pou nou anpeche mouch ak lòt bèt ki soti nan latrin lan antre nan kay la, mete yon moso moustikè nan tiyo ayerasyon latrin lan;
- Retire nich bèt ki sou nat yo ;





10. Sa nou dwe fè avan yon siklòn

- Koupe tout branch bwa ki pre kay la ;
- Verifeye si tout eleman twati a byen konekte;
- Verifeye kanal yo sou kote kay la pou evite inondasyon ak pou evite lis bas la pouri ;
- Sekirize pòt ak fenèt yo;



Schweizerische Eidgenossenschaft
Confédération suisse
Confederazione Svizzera
Confederaziun svizra

Ambassade de Suisse en République d'Haïti
Bureau Projets Directs de Port-Salut